



Pou Piblikasyon Imedya: 27/09/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE LANSMAN ANKÈT KATOGRAFIK POU EGZAMINE KALITE AK DISPOSIBILITE KONEKSYON WO DEBI TOUPATOU NAN ETA A

Y ap òganize odyans piblik pou popilasyon an ak lòt enstans konsène yo bay opinyon yo

*Eta ap chache reponn a pwoblèm pou jwenn sèvis koneksyon wo debi a ki rete
yon defi alechèl nasyonal*

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse lansman yon Ankèt Konsomatè sou Katografi Koneksyon Wo Debi pou ede Eta New York nan kad tout premyè etid katografik wo debi an pwofondè k ap fèt onivo tout eta a pou idantifye disponiblite, fyabilite ak pri sèvis wo debi yo toupatou nan eta a. Evalye prevalans ak pòte sèvis koneksyon wo debi rete yon defi pou non sèlman New York, men pou tout peyi a. Gouvènman federal la pran angajman tou pou fè yon etid parèy sa n ap fè a, men kalandriye pou fini etid yo a pokò klè.

"Koneksyon entènèt rapid se gran egalizatè nan mond jounen jodi a, li esansyèl pou moun jwenn aksè a sèvis debaz yo ak enfòmasyon ke nou tout bezwen nan lavi nou chak jou," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Gras a etid revolisyonè sa a, nou pral ede asire ke tout kote nan eta a - kèlkeswa faktè jewografik oswa ekonomik yo - gen aksè a koneksyon wo debi rapid."

"Jan Bidjè Egzekitif ki te adopte nan kòmansman ane sa a mande a, Komisyon Sèvis Piblik Eta a (Public Service Commission) pral etidyé disponiblite, fyabilite ak pri sèvis entènèt rapid ak wo debi toupatou nan eta a. Nan kad demach sa, Komisyon an pral:

- Idantifye zòn yo onivo yon ilo resansman ki resevwa sèvis nan men yon sèl founisè epi evalye nenpòt obstak reglemantè oswa legal eta a ki lye ak prestasyon aksè konplè a entènèt toupatou nan eta a;
- Egzamine teknoloji ki disponib pou idantifye solisyon ki pi byen sipòte sèvis entènèt rapid nan zòn mal sèvi oswa ki pa gen sèvis ditou yo, ak fè rekòmandasyon sou fason pou asire deplwaman teknoloji sa a nan zòn mal sèvi oswa ki pa gen sèvis ditou yo;
- Idantifye ka kote gouvènman lokal yo te enfòme Komisyon an lè yo te prezime ke enstans yo pa te respekte akò franchiz yo ak ka kote komisyon an oswa yon

departman aplikasyon lalwa te pran mezi ki te gen yon enpak dirèk sou aksè a entènèt;

- Identife lokal yo kote pa gen ase aksè a sèvis entènèt rapid ak/oswa wo debi, ak/oswa fose nimerik pèsistan, k ap lakòz enpak sosyal oswa ekonomik sou kominote a; epi
- Pwodui ak pibliye sou sitwèb li a, yon kat jewografik ki montre detay sou kote nan eta a ki gen aksè a entènèt, k ap endike aksè a sèvis entènèt selon adrès la.

Kat jewografik Komisyon an pral gen ladan vitès telechajman ak chajman ki anonse ak eksperimante; inifòmite ak fyabilite vitès telechajman ak chajman yo ankontan latans; kalite sèvis entènèt ak teknoloji ki disponib yo ki gen ladan men pa sèlman, sèvis rezo komite, wo debi, san fil, fib optik, koaksyal, oswa satelit; kantite founisè sèvis entènèt ki disponib, pri sèvis entènèt ki disponib; ak nenpòt lòt faktè komisyon an jije ki pètinan.

Kontrèman ak kat jewografik federal avan yo, ke yo te vrèman kritike akoz te manke presizyon ak egzaktitud, kat jewografik entèraktiv New York la pral konsantre sou estati sèvis wo debi ki repati selon adrès. Nan kad rechèch la, Komisyon an te voye lèt yo bay tout founisè yo nan New York pou enfòme yo ke li te angaje ECC Technologies sou kontra, ki se yon konpayi ki baze nan Eta New York ki espesyalize nan konsiltasyon pou teknoloji ak kominikasyon, ki pral chache enfòmasyon an detay sou enfòmasyon sèvis wo debi yo a, ki gen ladan zòn sèvis yo repati selon adrès, vitès chajman ak telechajman, kalite enfrastrikti rezo (yo), pri, ak lòt done ki nesesè yo, pou yo itilize kòm baz pou kat jewografik ak rapò sou koneksyon wo debi a.

Komisyon an pral pibiye rapò ak rekòmandasyon li yo pou publik la an me 2022 oplita. Rapò a pral gen ladan kantite rezidans ototai ki gen aksè a entènèt rapid, epi li pral identife ki zòn ki sèvi, ki pa gen sèvis ditou epi ki mal sèvi. Li pral fè yon ankèt reyjonal tou sou pri sèvis entènèt yo an konparezon ak revni medyan onivo konte; ak nenpòt statistik sou abònan konsomatè ki pètinan. Objektif etid la se pou ede detèmine ki mezi nou bezwen pran pou asire tout konsomatè rezidansyèl ak komèsyal New York yo gen aksè a entènèt, selon bezwen yo.

W ap jwenn ankèt katografik sou koneksyon wo debi a ak tès vitès la nan:
www.empirestatebroadband.com.

Nan kad etid revolisyonè sa a, Komisyon an pral òganize de (2) odyans publik pou mande popilasyon an ak lòt enstans konsène yo, ki gen ladan founisè sèvis entènèt yo, konsène telekominikasyon yo, òganizasyon sendika yo, òganizasyon sekirite publik, swen sante, edikasyon, agrikòl ak lòt biznis oswa òganizasyon yo pou yo bay opinyon yo. Y ap anonse dat ak lokal odyans yo.

Ajanda Konektivite 2021 konplè New York la ap plis devlope inisyativ lidè nan nasyon an ke eta ap antreprann pou bay aksè egalego a entènèt pou tout Nouyòkè. An 2015,

Eta a te antreprann inisyativ wo debi ki pi gran epi pi anbisye nan peyi a, ki dedye 500 milyon dola pou aksè entènèt wo debi nan tout eta a. Envestisman sa, asosye ak refòm reglementè yo, te ogmante nivo wo debi a kidonk jodi a, 98 pousan fanmi New York gen aksè nan entènèt wo debi rapid ak vitès telechajman ki omwen 100 Mbps. Anplis, New York te pran mezi ki enpòtan pou atake eka dijital la nan lekòl yo lè li te siyen Lwa sou Obligasyon Lekòl Entelijan 2014 la. Lwa sa te mete 2 milya dola disponib pou distri lekòl yo atravè eta a pou aparèy teknoloji ak ranfòsman sal klas yo pou amelyore koneksyon lekòl yo, ki rann li posib pou fè fas ak defi aprantisaj a distans jodi a.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)